**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

Министерство образования и науки Республики Дагестан

МКОУ Генжеаульская СОШ им. М.М.Зумаева

МКОУ "Генжеаульская им. М.М. Зумаева"

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| --- | --- | --- |
| На заседании ШМО | Заместитель директора по УВР | Директор |
| Темиртдинова С.А. | Шихмурзаева Г.К | Махтиев А.С |
| Протокол №1 | Протокол № 1 | Приказ № 652 |
| от "27" 08 2024 г. | от "27" август 2024 г. | от "30" 08 2024 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

учебного предмета

«Родной (чеченский) язык»

для обучающихся 7 класса

с.Генжеаул 2024-2025

Кхеторан кехат

7-г1а классан нохчийн маттана лерина долу х1ара документ кхоьллина юкъара дешаран а, коьрта юкъара дешаран а пачхьалкхан программин буха т1ехь. Программо предметан чулацам схьа а боьллу, бовза а бовзуьйту, билгалбоккху. Белхан программо, нохчийн мотт 1аморан 1алашонца цхьаьна а дог1уш, дешархой кхиоран, кхеторан, 1аморан а юкъара некъаш довзуьйту.

Документан д1ах1оттам

Нохчийн меттан белхан программа дийна цхьа документ ду, цу юкъадог1у:

– кхеторан кехат;

– дешаран-тематикин план;

– дешархойн хаарийн т1ег1а;

– дешаран методикин болх кхочушбан оьшу г1ирсаш билгалбахар.

Дешаран предметан юкъара характеристика

Нохчийн мотт – иза нохчийн къоман а, Нохчийн республикин пачхьалкхан а мотт а, къоман историн, культурин бух а бу. Мотт адамийн дахарехь уггаре мехала гІирс бу. Цуьнца доьзна ду къоман кхиар а.

Юккъерчу юкъарадешаран хьукматехь ша-тайпа меттиг дІалоцу нохчийн матто. Иза вовшашца юкъаметтигаш дІакхехьарехь, гонахара дахар довзарехь, кхетош-кхиорехь мехала гІирс бу. Дешаран декхар кхочушдарехь ненан матто ден г1уллакх ч1ог1а мехала ду. Ненан маттахь ечу ойлано 1амочух кхета гІо до берашна. Ненан мотт хааро дешархошна гІо до гонахарчу дуьнене болу кхетам а, цунах лаьцна долу хаарш а шордан а, боккхачу кхиамца оьрсийн а, кхи долу меттанаш а, дешаран предметаш а 1аморехь ненан маттехь г1ортор каро а. Цу шина матго дешар 1аморехь, кхетамца кхиарехь бокхха аьтто бо.

Дешаран хьукматехь мотт хьехаран методех кхетаме пайдаэцар на хилча цаторуш ду.

Ненан матте дешархойн безам кхиор лакхадаккхар ца хилча ца торуш ду. Цуьнца цхьана ненан мотт хьехар д1ах1отто деза, дагахь ца 1амош, маь1нех кхетарца к1орггера хаарш долуш дешархой хирриг – нийсий, говзий.

Ненан мотт хьехаран декхар кхочушдарехь хьехархо декхарийлахь ву орфографи, пунктуаци, къамел кхиоран г1уллакхийн бух д1ах1отточу 1илманан хаттаршна т1е коьрта тидам хьовзо: аьзнийн а,элпийн а таллам бан, дешан х1оттам талла, къамелан дакъош кьесто, предложенехь дешнийн уьйр нисъян хаа, предложенин д1ах1оттам бовза, и. д1. кх. а.

Меттан 1илманан хаамаш 1амийна карабербзор хила деза меттан бакъдерш, церан тайпанаш, церан башхаллаш къесторций, талларций, церан мaь1наш к1орггера хаарций, предложенеш фонетически а, морфологически а, синтаксически а, орфографически а, пунктуационни а, лексически а талларций, орфограммаш, пунктограммаш бакъонца кьасто а, йовзийта а 1аморций.

Ненан меттан хьехархочун коьртачарах цхьа декхар ду йоза нийса яздан 1амор а, карадерзор а.
Нохчийн меттан хьехарсахьташкахь тидаме эца деза дешархойн бартан къамел, цара тайп-тайпанчу ткоьчалех лаьцна хаамаш бар, иштта церан говзаллин башхаллаш ган а, йовза а еза.

Ненан мотт хьехарехь литератураца уьйр латтош дешархой 1амор, уьш кхетош-кхиор доккха маь1на долуш ду.

Меттан занятешкахь дешархойн жигаралла йозу цара кхочушбечу белхан хаарш кхиоран барамах. Методически лехам ларало ненан меттан хьехарсахьтан болх д1абахьарехь дешархойн ойлаяран а, кхетаран а хьуьнар кхиор. Муьлхха а коьчал 1аморехь хIора дешархочун кхетаран а, кхиаран а таронаш оьшучу барамехь гучуяха еза.

Дешархойн 1аморан а, кхетаран а хьуьнар совдаккхарехь доккха маь1на долуш ду тайп-тайпанчу гайтаман г1ирсех пайдаэцар (таблицех, суьртех, технически (говзаллин) г1ирсех). Дешархойн бартан, йозанан а кхиор ненан меттан а, литературин а – шина а предметан юкъара дакъа ду.

Нохчийн мотт дешархо къоман гIиллакх-оьздангаллин буха тIехь кхиорехь, цуьнгахь кхидолчу къаьмнашка лерам хилийтаран коьрта чIагIо а ю.

Дешаран декхарш кхочушдарехь ненан матто ден г1уллакх ч1ог1а мехала ду.

Ненан маттахь ечу ойлано 1амочух кхета г1о до берашна.

5-чу классехь нохчийн мотт к1иранах 1 сохьтехь хьеха лерина ю программа.

Белхан программин чулацам

34 сахьт

Карладаккхар

Нена маттах лаьцна дош. 5-6 классашкахь 1амийнарг карладаккхар (4 сахьт)

Хандош цуьнан кепаш а (2 сахьт)

Хандош,цуьнан билгалонаш Хандешан саттамаш Хандешан бехкаман саттам Билгала а,бехкаман а саттамаш Хандешан лааран саттам Хандешан т1едожоран саттам

Хандешан спряженеш.Хьалхара спряжении Хандешан шолг1а спряжении Хандешан кхоалг1а спряжении Хандешан йоьалг1а спряжении Хандешан йоьалг1а спряжении Хандешан пхоьалг1а спряжении Хандешан нийса йоцу спряжени. Хандешан билгалзачу кепан ораман мукъа аьзнаш карарчу хенан орамехь хийцадалар,церан нийсаяздар. Хандешнийн кхолладалар Хандешан хаттаран кепаш Хандешнашца дакъалгаш-ца,-ма нийсаяздар Хандешнийн латтамийн кепаш Хандош морфологически къастор.

Причасти (5 сахьт)

Причасти а, цуьнан грамматически бшилгалона Причасти хенашца хийцаялар Лаамаза а, лааме а причастеш Причастин карчамаш Причастин кхоллаялар Причастин нийсаязъяр. Причасти морфологически къастор Причастин легар Причастин кхоллаялар.

Деепричастии(5 сахьт)

Деепричасти а, цуьнан грамматически билгалонаш а. Деепричастин хенаш а, церан нийсаязъяр а.

Деепричастин карчам а,цуьнан синтаксически г1уллакх а. Деепричастех 1амийнарг карладаккхар

Масдар (5 сахьт)

Масдар а,цуьнан грамматически билгалонаш а. Масдар классашца а, терахьашца а, хийцадалар Масдар легар Масдарца дакъалг -ца нийсаяздар Масдаран карчамаш а, церан синтаксически г1уллакх а.

Куцдош (5 сахьт)

Куцдош, цуьнан грамматически билгалонаш. Куцдешан тайпанаш, церан маь1наш

Куцдешан синтаксически билгалонаш Куцдешнийн даржаш Куцдешнийн кхолладалар Куцдешан нийсаязда Куцдешан морфологически таллар

Г1уллакхан къамела дакъош

Дешт1аьхье (1 сахьт)

Дешт1аьхьенийн тайпанаш Дешт1аьхьенийн нийсаязъяр Дешт1аьхье, цуьнан билгалонаш

Хуттург (5 сахьт)

Хуттургаш а, цуьнан тайпанаш а. Хуттургийн нийсаязъяр

Дакъалгаш (5 сахьт)

Дакъалгаш а,церан маь1на а. Дакъалгийн тайпанаш Дакъалгийн нийсаяздар.

Айдардош(1 сахьт)

Айдардешан маь1на

Дешаран-темин хьесап

7-г1а класс чекхъяьккхинчарна хаа дезарг

Нохчийн мотт 1амийначу дешархочуьнгахь хила деза хаарш:

– нохчийн мотт уьйран а, юкъаметиггалин гIирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар;

– нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гIуллакхдарехь а, ша вовзийтарехь а, юкъараллехь ша дIалоцу йолу меттиг билгалъярехь а оьшуш хиларх кхеташ хилар;

– вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а юкъаметтигаш дIакхехьарехь нохчийн маттах пайда эца кийча хилар;

– къаьмнийн культурийн юкъаметтигаш дIакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;

– шен къоман а, РФ-цехь дехачу къаьмнийн а, дуьненаюкъара культура а йовзарехь нохчийн мотт механа гIирс хиларх кхеташ хилар.

– барта а, йозанан а хаамех цхьатера кхеташ хилар (Iалашонех, теманех, коьртачу а, тIебузучу а хаамех);

– тайп-тайпанчу хотIийн (стилан), жанрийн тексташ массо кепара ешар карадерзор;

– билгалбинчу барамехь яцйина (план, юхасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгIна я дIаешна текст юха схьайийца хаар;

– тайп-тайпана юкъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь а, дийцаре даршкахь, дискуссешкахь дакъа лаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар

Дешаран-методикин кхачаман ларам

**Тематическое планирование**

| № | Тема раздела | Примерное количество часов | Вид контроля |
|---|---|---|---|
| 1 | Повторение | 3 | |
| 2 | Глагол | 9 | |
| 4 | Наклонения глагола | 8 | |
| 5 | Наречие | 8 | |
| 6 | Служебные части речи | 6 | |
| | **Всего за год:** | 34 | |

**КАЛЕНДАРНО – ТЕМАТИЧЕСКОЕ ПЛАНИРОВАНИЕ**

**7 класс чеченский язык**

| № | Тема урока | К.часов | Дата | | Д/З |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | По плану | По факту | |
| 1. | Нохчийн маттах лаьцна дош. О языке. Билгалдош. Прилагательное. | 1 | 2.09 | 2.09 | Написать пословицы упр 8 |
| 2 | Ц1ерметдош. Местоимение. Хандош.Глагол. | 1 | 9.09 | 9.09 | упр14 |
| 3 | Литературни меттан стилаш.Стили литературного языка. Диалог.Диалоган кепаш. | 1 | 16.09 | 16.09 | П.1. упр 20 (3) П.2-3, упр23. |
| 4 | Хандешан саттамаш Билгала саттам. Изъявительное наклонение. Хандешан бехкаман саттам. Условное наклонение. | 1 | 23.09 | 23.09 | П.4; упр27. П.5; упр30. |
| 5 | Хандешан лааран саттам. Желательное наклонение. Хандешан т1едожоран саттам. Повелительное наклонение. | 1 | 30.09 | 30.09 | П.6; упр 35. П.7; упр 41 |
| 6 | Хандешан хьалхара спряжени.Первое спряжение. Хандешан шолг1а спряжени.Второе спряжение. | 1 | 7.10 | 7.10 | П.8; упр 44. П.9; упр 47. |
| 7 | **Диктант.** | 1 | 14.10 | 14.10 | повторение |
| 8 | Хандешнийн кхолладалар. Образование глаголов. | 1 | 21.10 | 21.10 | П.10; упр 54 |
| 9 | Хандешан хаттаран кепаш. Вопросительная форма глагола. Хандешнашца дацаран дакъалгаш нийсаяздар.Правописание отрицательных частиц с глаголами. | 1 | 28.10 | 28.10 | П.11; упр58. П.12; упр 60. |
| 10 | Хандешнашца дацаран дакъалгаш нийсаяздар.Правописание отрицательных частиц с глаголами. Хандешнийн чаккхенгахь «н» яздар. | 1 | 11.11 | 11.11 | П.12; упр64. П.13; ш 67 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 11 | Причасти.Причастие.<br>Причастин хенаш. Времена причастия. | 1 | 18.11 | 18.11 | П.15; упр75. |
| 12 | Лаамаза а, лааме а причастеш.<br>Самостоятельные и несамостоятельные причастия.<br>Причастин карчам. Причастный оборот. | 1 | 25.11 | 25.11 | П.16; упр 83.<br>П.17; упр 87 |
| 13 | Причастин легаялар.Склонение причастий.<br>Причастийн нийсаязъяр. Правописание причастий. | 1 | 2.12 | 2.12 | П.18; упр95<br>П.19; упр 98 |
| 14 | **Диктант.** | 1 | 9.12 | 9.12 | |
| 15 | Причастица дацаран дакъалг **ЦА** нийсаяздар. Правописание отрицательной частицы **НЕ** с причастиями. | 1 | 16.12 | 16.12 | |
| 16 | Деепричасти. Деепричастие.<br>Деепричастин хенаш.<br>Времена деепричастия. | 1 | 23.12 | 23.12 | П.20; упр 104<br>П.21; упр110 |
| 17 | Деепричастин карчам. Деепричастный оборот.<br>Деепричасти карладаккхар, т1еч1аг1дар.<br>Повторение пройденного. | 1 | 13.01 | | П.22; упр116<br>62-63 стр ответить на вопросы |
| 18 | Масдар а, цуьнан грамматически билгалонаш. Отглагольное сущест-ное.<br>Масдар классашца а, терахьашца а, кепашца хийцадалар. Изменение отглагольного сущ-го по родам, числам и формам. | 1 | 20.01 | | П.23; упр 120<br>П.24; ш 125 |
| 19 | Масдар легар. Склонение отглагольного существительного.<br>Масдарца дацаран дакъалг **ЦА** нийсаяздар.Правописание отрицательной частицы **НЕ** с отглагольным сущест-м. | 1 | 27.01 | | П.25; упр 130<br>П.26; упр134 |
| 20 | Масдаран синтаксически г1уллакх.<br>Синтаксическое значение отглагольного существительного.**Тест**<br>Куцдош а, цуьнан грамматически билгалонаш а. Наречие. | 1 | 3.02 | | П.27; упр137<br>П.28; упр141 |
| 21 | Куцдешан тайпанаш.<br>Разряды наречий. | 1 | 10.02 | | П.29; упр 145 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 22 | **Сочинени «Бакъволу доттаг1» Мет.97 аг1о.** | 1 | 17.02 | | повторить |
| 23 | Куцдешнийн синтаксически г1уллакх. Синтаксическое значение наречий. | 1 | 24.02 | | П.30; упр148 |
| 24 | Куцдешнийн даржаш. Степени сравнения наречий.<br>Куцдешнийн кхолладалар.Образование наречий. | 1 | 3.03 | | П.31; упр 151<br>П.32; упр 155 |
| 25 | **Талламан диктант.Контрольный диктант.**<br>**«Жимчохь 1емина х1ума т1улга т1ехь даькккхина йоза ду» Мет.110 аг1о** | | 10.03 | | повторить |
| 26 | Куцдешнийн нийсаяздар.Правописание наречий. | 1 | 17.03 | | П.33; упр160 |
| 27 | Дешт1аьхье. Послелог.<br>Дешт1аьхьенийн тайпанаш. Разряды послелогов. | 1 | 24.03 | | П.34;упр 166<br>П.35; упр168 |
| 28 | Дешт1аьхьенийн нийсаязъяр. Правописание послелогов. | 1 | 7.04 | | П.36; упр 177 |
| 29 | Хуттургаш, церан тайпанаш. Союзы. | | 14.04 | | П.37; упр178(6-8) |
| 30 | Хуттургаш, церан тайпанаш. Т1еч1аг1дар.<br>Закрепление пройденного. | 1 | 21.04 | | упр 179(6-10пр) |
| 31 | Дакъалгаш.Частицы.<br>Дакъалгийн тайпанаш. Разряды частиц. | 1 | 28.04 | | П.38; упр 184<br>упр 187 |
| 32 | Айдардешан маь1на. Междометие.<br>Айдардешнийн нийсаяздар.Правописание междометий. | 1 | 5.05 | | П.39,П.40; упр 198 |
| 33 | **Шеран талламан диктант. Контрольный диктант.** | 1 | 12.05 | | повторить |
| 34 | 7-чу классехь 1амийнарг карладаккхар, т1еч1аг1дар. Повторение пройденного в 7 классе. | 1 | 19.05 | | |